*Ассаламу гIалайкум!*

# ГЪУДУЛЛЪИ

(9789-9790)

2016 сонаЛъул
12 август

РУЗМАН

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

## ТIОЦЕБЕСЕБ ТУР ТIОБИТIАНА

Арабсон Дагъистаналъул рухIияб идараялъ лъазабун букIана гIадамазул ахлакъал(тIабигIат) лъикIлъизабиялъул сонлъун. Гьеб мурадалда Дагъистаналъул муфти АхIмад-хIажи ГIабдулаевас къватIибе биччана «ЛъикIал тIабигIатазул ах» абураб тIехь. ГIалимзабазул советалъ хIукму гьабуна гьеб халкъалъ цIализелъун ва щвараб лъаялда гIамал гьабизелъун, тIехьалда тIасан конкурсал тIоритIизе.





КIудияб хIадурлъиялда рукIана гIемерал нилъер гIадамалги рехсараб конкурсалде. Районалъул имамасул заместитель ХIусен Расуловасул рагIабазда рекъон, г1езег1ан рук1ун руго суалазда тIасан бичIчIулареб жо цIехон ахIулел чаг1и. Гьелъги бицунеб буго халкъалъ гьеб тIехьалдаса пайда босун букIин.

Гьединан, 7 августалда Микрорайоналда бугеб мадрасалдагун мажгиталда цере ракIарун рукIана гIиссиналгун чIахIиял гIахьачагIиги гьезда цадахъ рачIарал гIага-божаралги.

Къец тIобитIана бихьиназе - микрорайоналда бугеб мажгиталда, руччабазе-мадрасалда.

Кинабниги букIана 4I4 суал. ГIахьаллъизе бокьаразе букIинчIо чIезабураб соназул ригь. Бищунго кIудияв гIахьалчисул букIана 80 сон. Конкурсалда гIахьаллъи гьабуна 150 чияс. Жюриялда вукIана 11 чи. КIиабилеб туралде ворчIана 26 ялдаса тIадехун балл щварав 62 чи.

КIиабилеб тур букIине буго 14 августалда сагIат ичIгоялда Микрорайоналда бугеб мадрасалда.

## 13 август- физкультурникасул къо!

**День физкультурника отмечается ежегодно во вторую субботу августа и в 2016 году выпадает на 13 число.**

День физкультурника - праздник, отмечаемый в нашей стране с 1939 года, считают своим миллионы наших сограждан. Это праздник всех, кто любит спорт – вне зависимости от профессии и возраста.

Праздник «День физкультурника» имеет достаточно длинную историю. По традиции дата празднования является переходящей.

В советские времена спорту и спортсменам начали уделять повышенное внимание. Спортсмены в СССР всегда пользовались очень большой популярностью. Их знали и почитали, гимнасты, акробаты, футболисты, хоккеисты и другие спортсмены принимали участие во всех торжествах и знаменательных мероприятиях.

Тогда же в институтах и университетах стали появляться физкультурные факультеты. Несколько позднее открылись и целые учебные заведения, полностью посвященные подготовке будущих физкультурников. Советское правительство отлично понимало, что для создания здоровой нации необходимо приобщить народ к физической культуре. Профессия физкультурника стала востребованной и популярной. Во всех советских школах и других учебных заведениях появились уроки физического воспитания. Именно благодаря этому каждый из нас хотя бы немного приобщился к спорту. В школах также начали действовать спортивные кружки и спортивные клубы.

В настоящее время День физкультурника все еще считается праздничной датой, хотя и не отмечается уже с прежним размахом. Он объединяет всех тренеров, учителей физкультуры, спортсменов и простых любителей физкультуры.

## Велокруг тIобитIизе буго

ДЮСШялъул коллективалъ баркулеб буго киналниги спортшколазул цIалдохъабазда Россиялдаго сонайил кIодо гьабулеб профессионалияб байрам - физкультурникасул къо. Гьелда бан 13 августалда, ай щамат къоялъ, ДЮСШялъ лъазабулеб буго Велокруг тIобитIизе букIин. Гьелъие бихьизабураб мухъ - пожарныялдаса ДЮСШялъул кIалгIаялде щвезегIан. ГIахьаллъизе бегьула 17 сонил ригьалде щвезегIан бокьарав гьира барав чи. ЧIезабун буго скорая помощалъул машинаги, хIажатал сурсаталги.

## ГРАФИК

***Приема граждан Главой района и руководством администрации МР «Ботлихский район»***

Глава района
**Патхулаев Магомед Малачевич**

***Вторник - с 10 до 12ч***
***Четверг - с 14 до 16ч.***

I -й заместитель главы администрации
**Магомедов Ахмед Исмаилович**

***Среда - с 10 до 12ч.***
***Пятница - с 14 до 16ч.***

Заместитель главы администрации по общественной безопасности **Абдулдибиров Абдулдибир Магомедназирович**

***Понедельник - с 14 до 16ч. Пятница - с 10 до 12ч.***

Заместитель главы администрации **Заурбеков Джабраил Абдулкадырович.**
***Вторник - с 10 до 12ч. Четверг - с 14 до 16ч.***

Заместитель главы администрации **Муталипов Абдулмуталип Абдулзагирович**

***Понедельник - с 14 до 16ч. Среда - с 10 до 12ч***

Салман ХӀасбулаев

# БЕЧЕДАБ ТАРИХ БУГО НИЛЪЕР РАЙОНАЛЪУЛ

***Гьаб макъала хъваялъе аслияб гIилла буго Болъихъ районалъул гIумруги гьезул бахIарчияб тарихги лъаларел нилъер цо-цо дагъистаниязулгун кидаго кколаеб дагIба-рагIи. Хабар – каламалда гьоркьоб ракьа рехула гьез нужор район кIудияб бугониги, гьитIинаб тарихалъул, машгьурлъи гьечIел гIадамал жанир ругеб бакI бугилан. Гьедин батичIони хал гьабун бихьейила нужор я цебе заманалда, я Имам Шамилил гъазаваталъул заманалда, я революциялъул заманалда, я Советияб заманалда, я ВатIанияб рагъул заманалда машгьурлъи щварал гIадамалго ругелища. Нужода рогьо балила районалде тIолго дунялалъул террористал кIанцIидалнужеца гьезул рахъ ккурабин, гьел гьенир ахIаралин, гьезие хандакъал рухъун щулалъаби хIадур гьаруралин абун. Дагъистаналъул историялда нужор цIар цIакъ къанагIат гурони дандчIваларила. Нужор тарихалда кьагIу рекIун бугила ва гь.ц. гIахьучIал.***

***БитIараб буго, районалда тарихалъул хъвалев чиги, музейги гьечIони ва гьелъул бицунеб букIараб архивги бухIизе тани, Болъихъ районалъул бахIарчияб, бечедаб меседилаб тарихалъул кIудияб кIуниялда кьагIу рекIине бегьула.***

***Щибаб гIасрабазул заманалда гьенир рахъана машгьурал гIадамал ва гьезул буго бечедаб тарихги.***

***Дида гьаниб босизе кIвараб жо буго районалъул тарихалъул кIудияб цIаялдаса гьоркь хутIараб гьитIинабго хIенехI. Гьеб хIенехI свине течIого, районалъе канлъи ва хинлъи кьолеблъун рекIинабизе бокьун буго. ХъвачIого хутIараб гIемер жо батила, тIаде жубазе нужорги ихияр буго…***

Дагъистан букIана лъиениги бетIер къуличIеб, къезабун бажаруларeб щулияб мугIрузда бараб хъалалъун. Гьелъул щулиб цо гIаркьел ккола гьанжесеб Болъихъ районги. Гьелда квелъ базе бокьарал сверухълъиялда ругел пачалихъал ва гьезул тIолго дунялалда машгьурал рагъул церехъаби дагьал рукIинчIо. ХIатта ИраналдагиТурциялдаги гьоркьоб I603-I639 соназда рагъ ккана Кавказалда тIад жинца-жинца квершел гьабизе бокьиялъ. Гьеб мутIигI гьабизе рачIарал гIарабазул, монголазул Чингисханилги (I23I-I245с.с.), рекъав Тимурилги (I394-I396с.с.), Турказулги (I578-I582), Ираналъул Надыр-шагьасулги рикIкIен гIемерал боязул чабхьенал дагъистанияз бергьенлъиялда нахъ чIвана.

Щибаб гьел рагъазда дир районцоял гIахьалъиялъул умумуздаса рачIарал биценалги хутIун руго.

Гьаниб цо мисал бачун таниги гIела: I734, I735, I74I-I743 соназда ираналъул шагьас рикIкIен гIемерал боялгун Дагъистан квегъ-



изе магIарухъе чабхьенал гьаруна, амма бахIарчиял магIарулал мукIур гьаризе бажаричIого, гIемерал чIваралги гьоркь тун, цIукIби гIадин гьел лъутана. Гьеб рагъдаса хадуб Ираналъул халкъалда гьоркьоб бижун буго аби: «Ираналъул шагь гIадаллъун ватани, Дагъистаналъул халкъалде данде рагъде виччантейилан».

Гьеб рагъда гъоб заманалда Болъихъ районалъул росабазги гIахьаллъи гьабун буго. Гьелъие нугIлъи гьабизелъун, росдал тарих жодода лъикI лъалел, I960 соназда рукIарал харабаз дида бихьизабуна ГIахьвахъ районалъул цIолодисезул магIарда тIогьиб магIарулазе хIинкъи ккедал АхIи (сигнал) базелъун къаси гIужалда цIа бакулеб бакI. Цоцазухъе кьун, АхIи баялъе цIа бакулел бакIал хIадурулел рукIун руго цебе, гIемер росаби рихьулел борхатаб магIарда. Гьеб цIолодисезул магIардаса хъатиниб лъураб гIадин бихьула Болъихъ, ГIахьвахъ, Гумбет районалъул росаби, ЦIумада районалъул цо-цо бакIал ва чачаназул чIарбилазул мугIрузул рагIаллъабазда ругел росабиги. ЦIа бакун бихьидал, росабазул гIолохъаби чу-ярагъгун ахIуд рахьун Болъихъ ракIарулел рукIун руго ва гьениве лъугьа-бахъиналъул баянги босун ахIуд вачIарав чапарасда цадахъ кумек хIажатаб бакIалде унел рукIун руго.

Авар халкъалъул Надир-шагь щущахъ виххизавиялъул хIакъалъулъ кочIоцаги нилъее нугIлъи гьабула гьел рагъазда шибаб магIарул росабазги гIахьалъи гьабун букIин.

АхIуд бахъинчIеб росдае - кIудияб нич ва рогьо букIун буго. Гьедин цIунулеб букIана къватIисав тушманасдаса нилъер умумуз гIагараб Дагъистан.

ГIасрабаз гьеб гIадат цIунун букIинальги ва сверухъ ругел росабазул гIадамал-рагъухъаби ракIарун гьениб бо гIуцIулеб букIинальги нугIлъи гьабула Болъихъ абураб росдал цIар бижун бачIараб букIин, «бо лъалхъи» абурал рагIабаздаса.



**(Хадусеб букIине буго)**

# КРАСНАЯ КНИГА РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН

На сегодняшний день для Дагестана актуальна проблема дефицита качественной питьевой воды из-за загрязнения водных ресурсов в результате человеческой деятельности. Реки Уллу-чай, Самур, Андийское Койсу, Терек, Сулак засоряются бытовыми и хозяйственными отходами, местами превращаются в свалки мусора. Загрязняются проточные каналы; в поймах рек ведутся часто без лицензии и согласования разработки песка, гравия, камня. В особенно тяжелом и загрязненном состоянии находятся атмосферный воздух в города.

Повысился уровень загрязнения атмосферного воздуха в городах, особенно в Кизляре, Хасавюрте, Дербенте, Махачкале, Буйнакске и в селах многих районов. Это влияет на состояние здоровья населения. Многие предприятия нарушают требования законов «Об охране атмосферного воздуха в Республике Дагестан»(http://www.russianpeople.ru/ru/old/126738), «Об отходах производства и потребления в Республике Дагестан» (http://www.russianpeople.ru/ru/old/129582). Обладая богатыми природными ресурсами, Дагестан имеет серьезные экологические проблемы, связанные с утилизацией отходов производства, водоотведением. В 2008 г. Минприроды Республики Дагестан разработало программу «Отходы» с целью снижения уровня их негативного воздействия на окружающую среду.

Во многих городах Дагестана, таких как Южносухокумск, Кизилюрт, Дагестанские




Огни, Буйнакск, и селах Дербентского, Кулинского, Хасавюртовского, Гергебильского районов располагаются несанкционированные мусорные свалки, что способствует загрязнению почвы, подземных и поверхностных вод, а также атмосферного воздуха при сжигании мусора. В городах много выбросов вредных веществ, связанных с производством промышленных предприятий. Усугубляет ситуацию отсутствие в Дагестане мусороперерабатывающих заводов и установок, а также полигонов по захоронению токсичных промышленных отходов и непригодных ядохимикатов. Очень остро стоит вопрос нехватки спецтехники для вывоза мусора.

Не менее актуальна для Дагестана и проблема водоотведения, которая связана с отсутствием, перегрузкой водоотводящих сетей или их изношенностью. В результате этого ежегодно в реки Дагестана и Каспийское море с территорий сел, городов сбрасываются сотни миллионов куб. метров загрязненных сточных вод. Гибнут ценные породы рыб Каспийского моря, грязными водами дагестанских рек отравляются тысячи людей.

В северном Дагестане (Кизлярский, Тарумовский, особенно Ногайский районы) актуальной является проблема опустынивания земель и пастбищ, являющихся зоной отгонного животноводства, а 8–10 проц. уже превращены в открытые пески.

В результате интенсивного освоения природных ресурсов, в т.ч. нарушения гидрологического режима почв (снижение уровня грунтовых вод), идет деградация реликтовых (редких, но в прошлом широко распространенных) и дубовых лесов в дельте Самура, а также в Кизилюртовском и Кумторкалинском районах на площади 20 тыс. га. В Дагестане уже обозначены зоны экологического бедствия: Кизлярские пастбища, Черные земли, Аграханский залив, гора Таркитау – памятник природы (1994 г.), Кайтагские леса. Почти вся территория равнинного Дагестана находится под воздействием ветровой эрозии.

Из 7 млн. га Черных земель и Кизлярских пастбищ на территорию Республики Дагестан приходится 1,5 млн. га. Из этой площади почти 550 тыс. га подвержено опустыниванию, а 130 тыс. га – в сильной степени.













**Министру**

**природных ресурсов и экологии**
**Республики Дагестан**
**Карачаеву Н.А**

Ботлихским МРКЭП совместно с администрацией СП «с/с Андийский» Ботлихского района принимаются меры по наведению порядка на дагестанском побережье трансграничного озера «Казеной-ам».

При содействии главы сельской администрации Гаджи Абдулхамидова и общественного экологического инспектора Хасаймирзы Хасаймирзаева установлены шлагбаум и урны для мусора, организована стоянка для автотранспорта, назначен ответственный который круглосуточно следит за чистотой береговой зоны и проводит разъяснительную работу среди отдыхающих.

Если в предыдущие годы можно было наблюдать беспорядочный заезд неорганизованных отдыхающих из Чеченской Республики и мусор на берегу , то сейчас установлен шлагбаум, вокруг порядок, мусор собирается в специальный контейнер и систематически вывозится.

При спонсорской поддержке молодежи с.Анди организованы места для отдыхающих, установлены беседки и палатки, изготовлены баннера и специальные указатели.

Нами установлены добрососедские отношения с природоохранными структурами, представителями органов охраны общественного порядка и руководством туристско-спортивной базы Чеченской Республики и достигнута договоренность о взаимной помощи и сотрудничестве.

**Руководитель комитета**
**Магомедов Л.Х**

# КУБОК - БОЛЪИХЪ ВА ХУНЗАХЪ






15-16 июлалъ Хунзахъ районалъул МочIохъ хIорил рагIалда тIобитIана гIолохъанал экологазул слет. Гьениб гIахьаллъи гьабуна ГIахьвахъ, Болъихъ, Гумбет, Унцукуль, Хунзахъ ва ЦIумада районаз. ТIоцебесеб къоялъго лъималаз субботник гIуцIана, сверухълъиялъе лъикIаб ва берцинаб сурат гьабуна. КIиго къоялъ халат бахъараб гьеб слеталда гIолохъанал экологаз бихьизабуна ватIаналдегун тIабигIаталдехун бугеб рокьи. РукIана викторинаби, экомода, цIалана тIабигIаталде гьарурал кучIдул. Бихьизабуна тIабигIаталъулгун бугеб бухьен. Щибаб районаздасан гIолохъанал экологаз бихьизабулеб ва бицунеб букIана тIабигIат цIуниялъул бугеб кIварги, пайдаги. ГIиссинал экологаз гьабуна халкъалдехун хитIаб .

ТIабигIат лъаялъе, бокьиялъе ва цIуниялъе бугеб гъираги , гьунарги цояздасан лъикI цоязги бихьизабун церерахъунел рукIана щибаб районалъул вакилзаби. ЛъикIаб хIадурлъигун гьабураб церерахъиназ тIабигIаталде бугеб рокьи жеги цIикIкинеги гьабулеб букIана балагьаразулги гIахьаллъаразулги ракIазулъ. Ахир къадги лъикIаздаса лъикIал тIаса рищулаго кубокалъе мустахIикълъана Хунзахъ ва Болъихъ районалъул гIолохъанал экологал.

# ЛЕГЕНДА ОБ ОЗЕРЕ КАЗЕНОЙ - АМ

На том месте, где теперь озеро Эзен-ам (Кезеной-Ам), некогда был аул Эзеной, в котором жили люди, не почитавшие Бога. Они не знали никакой религии, много грешили и главное — забыли обычай гостеприимства. Случилось, что в ауле этом спустился с неба ангел Божий и под видом нищего стал обходить дома, прося пищи и ночлега.

Долго он ходил по аулу, обошёл дома и почётных и простых людей, и богатых и бедных, но никто его к себе в дом не принял и пищи ему не предложил. Напротив того, нашлись люди, которые ругали его и травили собаками. В самом конце селения жила одна бедная вдова, существовавшая кое-как своими трудами. Нищий, обошедший весь аул, подошёл и к её дому и попросился ночевать к ней. Вдова с радостью приняла его, угостила, чем могла, и приготовила ему собственную постель для отдыха.

Когда нищий поел и отдохнул, он обратился к вдове с таким словом: «Я не нищий, я ангел Божий, пришедший испытать эзенойцев. Теперь вот Бог видит, что эзенойцы злой народ, и за это они потерпят страшное наказание: земля раскроется и поглотит этот аул со всем, что есть в нём. После же этого на память всем людям здесь образуется глубокое озеро, которое будет существовать вечно». Сказав это, нищий добавил: «Собери ты всё своё семейство и уходи на соседнюю гору, не открывая никому, что узнала от меня».

Вдова исполнила приказание нищего: собрала всё своё семейство и ушла с ним на соседнюю высокую гору. И только что она успела подняться на гору, земля раскрылась и поглотила аул Эзеной со всеми жителями, а после на том месте, где был аул, образовалось озеро Эзен-ам на память людям.

Рассказывают старики, что прежде ежегодно выходил из озера на берег бык с золотыми рогами и потом опять уходил в озеро. Может быть, бык выходит и теперь, но его никто не видит. Говорят ещё, что на дне озера много золота, но проверить это никому не удалось.



# ЭКОЛОГ

12 августа


# ТIАБИГIАТ ЩИВАСЕ БОКЬИЗЕГИ ЩИВАС ЦIУНИЗЕГИ ККОЛА

## *нижер гара-чIвари*



***Экология ккола гIадамазулги тIабигIаталъулги бугеб бухьен лъазабиялъул ва гIуцIиялъул гIелму. БитIахъего абуни тIабигIат цIуниялъул хъаравуллъуда ругел чагIи ругин абизе бегьула экологал.***

***Нилъер районалда гьеб иш тIад къан буго Дагъистан Республикаялъул тIабигIат цIуниялъул мустахIикъав хIалтIухъан Лабазан МухIамадовасда. 1981 соналда Северияб Кавказалъул Рохьилаб техникумги лъугьинабун вачIарав Лабазан тIамуна лесхозалда инженерлъун. I998 соналда хIалтIизе лъугьуна №19 СПТУялде экологиялъул мугIалимлъун.***

***2003 соналдаса нахъе хIалтIулев вуго районазда гьоркьосеб экологазул комиталъул нухмалъулевлъун.***

***- Лабазан, кида дуда бичIчIараб экология букIин дур гIумрудул иш?***

- Дун вугилан абизе бегьула эбелалъ экологлъун гьавурав чи. Дида лъай бачIаралдаса нахъе рекIел бухьен букIунаан тIабигIаталъулгун.

***- Кинаб къимат кьелеб дуца, жакъа районалда бугеб эколгогияб ах1вал- хIалалъе?***

- Цогидал районазде дандеккун нилъер районалда лъикI бугин абизе бегьула экологиялъул иш. Гьанир гьечIо промышленниял предприятияби, аслияб хIалалда нилъехъ цебетIураб буго росдал магIишат. Экологиялъе зарал буго гIицIго ришникъулалдаса.

***- Дур хIисабалда гьелъие ругел гIиллаби?***

- Гьелъие ругел гIиллаби руго гьеб иш тIаде кколел идарабаз жидерго хIалтIи букIине кколедухъ гьабунгутIи. 89 федералияб законалда хъван буго кида, кин, кинаб къагIидаялъ ва лъица гьеб бакIаризе, бацIцIине кколебали. Ва амма я хIалтIухъабазул жавабчилъи гьечIо, я гIадамазул рацIцIалъиялъулъ культура гьечIо.

***- Кинал нухал ратулел ругел гьеб роцIцIинабиялъе?***

-ГьебишроцIинабиялъе гIемераб хIалтIи гьабуна. Жакъа къоялда гIуцIун буго районазда гьоркьосеб комитет. Гьенире гьорлъе уна Болъихъ, ГIахьвахъ, ЦIумада, Унсоколо ва Гумбет районал.

***- Гьелгониял районазда экологиялъул хъаравуллъи цIунизе кумекчагIи ругищ дур?***

- Руго. КIиго инспектор вуго дир ГIахьвахъ ва Унсоколо.

***- Гьезул масъала…***

- Гьезул масъала жидежидер районазда экологиялъул хал-шал гьаби.

*(Ахир 4-аб. гьум.)*

# ОБРАЩЕНИЕ

**юных экологов Горного территориального округа к жителям Республики Дагестан.**

***Принято на слете юных экологов Горного территориального округа РД 17 июля 2016 г. в рамках Года гор «Хунзах-2016»***

Мы, юные экологи Горного территориального округа Республики Дагестан крайне озабочены современными экологическими проблемами и состоянием окружающей среды.

Основными факторами способствующим экологическим проблемам являются:

- резкое увеличение расходование природных ресурсов,
- загрязнение атмосферного воздуха выхлопными газами и другими вредными выбросами,
- загрязнение почвы и воды отходами производства и коммунально-бытовыми отходами,
- уничтожение плодородного слоя и зеленых насаждений.

В скором времени на первом плане во всем мире окажутся не экономические а экологические проблемы. Проблемы экологии в целом необходимо решать как можно скорее и заботиться о сохранении окружающей среды должен каждый человек.

В настоящих и будущих экологических проблемах виноваты мы сами, жители сел и городов Республики Дагестан и нам самим предстоит разобраться в них.

Сегодня мы являемся свидетелями изменения климата в республике некогда «солнечного Дагестана», выпадания кислотных дождей, резкого увеличения онкологических заболеваний и других патологий. Уже сейчас существует угроза экологической катастрофы рек и водохранилищ Дагестана, исчезновения эндемичных и реликтовых растений, высыхания некоторых видов плодовых деревьев и деградации земель.

Мы, юные экологи Горного территориального округа обращаемся к жителям республики Дагестан и убедительно призываем всех:

- не бросать мусор в реки и водоемы,
- не размещать мусор вне территории мусорной свалки и водо-охранных зонах рек и их притоков.
- соблюдать правил охоты, нахождения в лесу и на территории зеленных зон.
- не сжигать дернину (сухостой) на полянах, вдоль дорог и в лесу.
- не вырубать и не уничтожать зеленые насаждения,
- не уничтожать редких или находящих на грани исчезновения растений и животных, среду их произрастания и обитания, мест гнездования птиц и пути миграции животных.

Наша экологическая безопасность - в наших же руках!.



# ТIАБИГIАТ ЩИВАСЕ БОКЬИЗЕГИ ЩИВАС ЦIУНИЗЕГИ ККОЛА

## нижер гара-чIвари





**(Авал 3-аб. гьум.)**

- Жиб-жиб итниялъ гьабула совещание, бакIарула отчет, тIадкъала анкьалъе хIалтIул масъала.

***- Ахираб заманаялъ гIуцIулел руго цадахъ лъугьун субботникал. Бугищ гьелдаса кинаб богониги пайда?***

- Дун субботниказул рахъ кколев чигуро. Амма хъулухъчагIазул жидерго хIалтIудехун бугеб тасамахIаб бербалагьиялъ гьелде, ай субботниказде ккун буго иш. Бугониги, гIадамазул рацIцIалъи гьечIолъиялъ, субботниказда гьабураб ч1урканлъи ц1акъго дагьаб заманалъ гурони хут1улеб гьеч1о.

***- Кинаб кIвар кьолеб дуца гIун бачIунеб гIелалъе экологияб тарбия кьеялде, гьезулъ экологияб культура куцаялде?***

- Гьеб мурадгун школлъималаздасан гIуцIана «Отряд юных экологов» абураб команада. Гьеб командаялда вуго 100 гIанасев цIалдохъан. Щибаб санайил гьабула гьелгун Дагъистаналъул батIи-батIиял бакIазде экскурсия, зияратал. Гьел щвана АхIулгохIалде, Гъуниб магIарде. МахIачхъалаялда бугеб пляжалде щведал, цо къо нижеца кьуна субботникалъе. БакIарана 80 къандалъо рищни- къулалъул.

Щибаб сапаралъул мурад буго лъималазе тIабигIат бокьизе, гьеб лъазабизе малълъи. Гьелъие нижеца ракIарула даруял хурдул, малълъула гьел ракъвазаризе, бицуна кинан ва сундуе хIалтIизе гьаризе кколебали.

ГIадаталде сверун буго «Слет юных экологов» тадбирал т1орит1и. Гьенир рукIуна викторинаби, эко мода, знатоки природы. конкурсал. Санайил цо-цо районазда слетал гьарула гIиссинал отрядал гъункизаризе г1оло. Гьединго, ниж щвана Чачаналълъеги-Грозныялде заопаркалде, АхIмадхIажи Къадировасул паркалде ва музеялде. Чачаналълъе иналъул мурад букIана гьениб бугеб рацIцIалъи бихьизаби ва гьелдасан гIун бачIунеб гIелалъ мисал боси.

***- Гьединал сапаразе сурсаталги хIажалъула. Ругищ нужее гьеб ишалъулъ кумек гьабулел спонсорал?***

- Руго. КIудияб кумек гьабула нижее районалъул бетIер Мух1амад Патх1улаевас, росабазул бегавулзабаз, районалъул централияб библиотекаялъул нухмалъулев МухIамад ИзмагIиловас, Лъай кьеялъул управлениялъ. Дица дирго рахъалдасаги, лъимал рохиялъе, шапакъатал кьола гьоркьор - цере.

**- Цо-цо шагьаразда гIуцIула акция бакI-бакIалдаса рищникъул бакIарулеб. Бегьуларищ нилъехъ гьеб гIуцIизе?**

- Узухъда. Гьеб буго гIолилал экологазул аслияб масъала. Гьез бакI-бакIалде ун хал-шал гьабула экологияб ах1вал- х1алалъул. Ришни-къул бугел бакIал ратани, суратал рахъула ва экологияб десанталда цере лъола. Гьез бакIарула, бацIцIуна ва росабазул администрациябазда цере сураттал лъола.

***- Щуго-анцIго соналъ нахъе валагьанани, щиб гьабизе кIун бугеб дудаги дур кумекчаг1аздаги?***

- ГIураб хIалтIи гьабизе к1ун буго. Мисалалъе, Дагъистаналъул Экологияялъул министерствоялъ жакъа гьабизе хIисабалде босараб экологияб паспортизация, нижеца 10 соналъ цебеккунго байбихьана.

Экологияб паспорт ккола районалъул гьумер. Гьениб бихьизабун букIуна районалъул ракьалъул гIаммаб къадаралдаса байбихьун климаталде хIатта радиационнияб ахIвал-хIалалде щвезегIан бугеб ах1вал- х1ал.

***- Руго гIадамазул гIарзал, рагъ ул х1асилалда кIудияб сакъатлъи кканин гIадамазул сахлъиялъе абун. Бугищ иш гьедин?***

- ГьечIо. Нижеца, республикаялъул радиационныяб централъул специалисталгун цадахъ лъугьун, анализал гьаруна ХIамилгIиналда, ТIандо, АнсалтIа, Беледи. Гьениб батана 0,008-0,0I6 милл/зиверта. 0,025 милл/зивертalде щвезегIан гьелъул хIинкъи букIунаро.

Унтаби раккиялъе бугеб гIилла буго химикатал мугIрузул ракьалде щвей. Чороклъун буго почва, атмосфера, г1одобе ккун буго чиясул культура, кванил качество.

***- Бищунго нилъер районалда къимат цIикIкIараб бакI ккола «Казенной Ам» абураб хIор. Гьелда сверухъ бугеб ахIвал-хIалалъе кинаб къимат дуца кьолеб?***

- Гьеб буго дир унтараб суал. КIиго республикаялда гьоркьоб бугеб хIор буго гьеб. 1/3 бут1а - нилъер, хутIараб - чачаназул. ГIаммаб гIатIилъи 262 кв.м. , гьелдаса 54,9 нилъер. Гьеб хIор жидеего бахъизе хиялазда руго гьадал чагIи. Биччазе бегьуларо гьеб. Гьеб хIор ккола Европаялдаго бищунго мугIрузул борхалъиялда бугеб хIор. Гьениб буго хъахIаб амур, серебряный сазан, форель пятнистый, зеркальный карп, руго сверухъ хурдул эдрайант Айвера. Гьеб хIоралъул суал гIемер борхула дица. Лъуна гьеб суал Министерствоялда цебеги.

***- Бищунго ц1ик1ун дур рахIат хвезабулеб жо щиб жакъа?***

- МагIарулазе цIакъ бокьула хIухьбахъиялъе лъарал, гIурул, хIорил рагIалде ине. Гьеб цIакъ лъикIги буго, сахлъиялъе пайдаяб ишги буго. Амма араб бакIалда чороклъи гьабичIого танани, ц1акъ лъикI букIинаан. Гьеб жоялъ цIакъ рахIат бахъула дир.

***- ГIадамазул разилъи гьеч1олъи буго гьекъолеб лъим районалда цIакъ чорокаб бугилан. Эколог хIисабалда дуца щибин абилеб?***

- Гьоркьоб-цебе х1акъикъаталдаги чвахула чорокаб лъим нилъер крантазухъа ва гьелъие г1иллабиги г1емерал руго.

***- Районалда бищун бацIцIадаб лъим киб бугеб?***

- Бищун бацIцIадаб лъим буго РахатIа Гелдеганиб.

***- Дур хIалтIул къо чан сагIаталъ халат бахъулеб?***

- Дир хIалтIул къоялъе, абизе бегьула, заманго гьечIин. ГIодоркъоял, отпускал, сордокъо лъачIого хIалтIула дун.

***- Хъизаналъул кинаб бербалагьи бук1унеб дур хIалтIудехун?***

- Гьеб рахъалъ дие цIакъ битI ккана. Дун гьела вичIчIуна ва бичIчIигун дир хIалтIиги къабул гьабула.

***- Ругищ дур хIухьбахъиялъе гьалбал рачине, мунго ине бокьулел бак1ал?***

- Гьединал бакIал руго дир «Казеной Ам», «Арджу-Ам», ансадерил рохь, Хандо, ТIасияб Гъуниб. Гьезда гьоркьосанги хасс гьабун абила- «Казенной-Ам» ва «Гъуниб» мегIер.

**- Журналист хIисабалда дуца экологасе кьезе букIараб суал?**

- Щайдай гьал хъулухъчагIаз экология чорок гьабулеб?

***- Эколог хIисабалда жавабги бокьилаан раг1ине***

- Щай гурого хIалтIул рахъалъа рацIцIадал, бетIералдаса роцIц1арал чагIи гьечIого. Законалъги, шаргIалъги, гIадатазги тIалаб гьабула жиндаго сверухъ бугеб тIабигIат бацIцIадго ц1уни.. Бокьилаан гьеб щивав чиясда бичIчIине.

***З.МУХIАМАДОВА.***

# ПРОГРАММА

# ФИЗКУЛЬТУРА - ЭТО ЗДОРОВЬЕ!

Жизнь людей постоянно связана с движением. Человек всегда пытался покорить новые вершины, земли, моря, то есть стремился быть выше, быстрее, сильнее.



Но чтобы всего этого достичь, необходимо иметь крепкое тело и сильный дух. Еще в античном мире существовал культ физической культуры, пропагандирующий красоту сильного, здорового и гармонично развитого человеческого тела. А с первых десятилетий Советской власти по стране шагает День физкультурника под прекрасным и вечно правдивым лозунгом «В здоровом теле — здоровый дух». Отмечать его принято во вторую субботу жаркого августа показательными выступлениями лучших спортсменов и физкультурников

Ежегодно во вторую субботу августа в России отмечается День физкультурника.

Этот праздник был установлен на основании Указа Президиума Верховного Совета СССР от 1 октября 1980 года "О праздничных и памятных днях", в редакции Указа Верховного Совета СССР от 1 ноября 1988 года "О внесении изменений в законодательство СССР о праздничных и памятных днях".

История этого праздника уходит своими корнями в довоенные годы, когда 16 июня 1939 года Совет Народных Комиссаров СССР принял постановление об учреждении Всесоюзного дня физкультурника. Первый День физкультурника прошел 18 июля 1939 года.

С тех пор День физкультурника отмечают спортсмены, тренеры, преподаватели физической культуры, ветераны спорта, все, для кого занятия физкультурой и спортом неотделимы от крепкого здоровья и отличного настроения, от возможности развивать свои способности и волю к победе.

Физическая культура занимает в нашей жизни немаловажную роль. Она нам позволяет воспитывать силу духа, выносливость, правильное отношение к себе и ближним. Физкультура помогает познать свои человеческие возможности и способности, она дарит нам уверенность в своих силах, позитивно настраивает и вселяет надежду. А самое главное, она заботится о нашем здоровье.

День физкультурника – наш общий праздник!

Отдел по физической культуре, спорту, делам молодежи и туризма искренне поздравляет Вас, всех спортсменов, тренеров, ветеранов спорта, всех -так




или иначе связанные со спортом с этой важной датой в календаре! Занимайтесь спортом, будьте здоровыми и красивыми!

**М.Набиюлаев**

---

## ЛЪАЗАБИ

2012 соналда Болъихъ №1 гьоркьохъеб школалъ Сулейманов МухIамаднаби ИсмагIиловичасул цIаралда кьураб №05 БВ 0123558 аттестат билун буго.
Жакъа къоялдаса нахъе гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

2012 соналъ Болъихъ № 1 гьоркьохъеб школалъ Къадыров Шамиль ГIабдулхаликъовичасул цIаралда кьураб №05 БВ 005 59 42 аттестат билун буго.
Гьанжеялдаса нахъе гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

2015 соналда АнсалтIа гьоркьохъеб школалъ ХIажиева ХIава Абакаровналъул цIаралда кьураб № 00518000567831 аттестат билун буго.
Жакъа къоялдаса нахъе гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

АнсалтIаса Лабазанов ШагIбанил хъизан Шумайсат къадаралде щвеялда бан гъваридаб пашманлъи загьир гьабулеб ва зигара балеб буго Хасавюрт районалда гIумру гьабун вугев ИчичIалиса ХIажагIалиев МухIамадица ва гьесул хъизаналъ. Гьей БетIергьанас битIараб нухалда тIойитIун ятаги, рухIги иманалда бахъун батаги, нахъе ругезе щулияб иманги сабруги кьеги, алжаналда киналго гьейгун данделъулелллъунги гьареги.


**ГЬУДУЛЛЪИ**

Газета гIуцIарал:
**Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив**

учредитель:
**Ботлихская районная администрация и коллектив редакции**

БетIерав редактор
*ГI. ГIумаханов*
Жавабияй секретарь
*З.ГIумарова*
Отделалъул редакторал
*М. Ибрагьимов*
*П. Дибирова*
*А. Агъларов*
Мухбирзаби
*З.МухIамадова*
*М. ГIумаханова*

Наборщица
П. Эльдарова
Дизайнер
А. Назирбекова
Программист
А. Ибрагьимова
Фотокорр
*Ш.Муртазалиев*

*Адрес: 368970 Болъихъ росу, Школалъулаб къватI*

*Телефонал:*
*Редакторасул 2-20-53*
*гIаммаб 2-20-37*

*Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6*

*Тираж -550*
*Индекс-51349*
*Багьа-6 гъурущ*

*Газета печаталде кьуна*

*Заказ №_____*
*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*

*Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ.*
*Регист. ПИ*
*№ 10 - 4614*

*Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.*